



Kisa Sondaj sou Sante Kominote Vil New York la ye? Ki enfòmasyon sondaj la pral mande m?

Sondaj sou Sante Kominote Vil New York la pral poze ou kesyon sou sante ou ak pratik sante w ki gen ladan, enpak ijans sante piblik COVID-19 la. Patisipasyon w volontè. Ou ka sote nenpòt kesyon oswa kanpe sondaj la nenpòt lè. Sepandan, lè w reponn tout kesyon yo, sa ap ede Depatman Sante ak Ijèn Mantal Vil New York la (New York City Department of Health and Mental Hygiene) pi byen desèvi moun kap viv nan vil New York yo.



Mwen pa kapab oswa mwen pa vle patisipe nan sondaj la sou entènèt. Èske mwen ka konplete sondaj la malgres a?

Si ou pa kapab gen koneksyon entènèt lakay ou oswa sou yon tablèt oswa sou yon telefòn entèlijan, ou kapab patisipe nan sondaj la nenpòt kote ki gen koneksyon entènèt, paregzanp, nan yon bibliyotèk oswa nan yon sant kominotè. Si w ta renmen mande yon vèsyon sondaj la sou papye oswa ou vle patisipe nan sondaj la nan telefòn, ou ka rele **833-574-3096**.



Èske w poze kesyon pèsònèl?

Anpil nan kesyon yo se sou sante pèsònèl. Byenke gen kèk moun ki twouve gen kèk repons ki difisil pou pataje, nou pa gen okenn lòt mwayen pou n konnen si gen yon pwoblèm ki egziste san nou pa poze kesyon sou li. Repons konfidansyèl ou yo ede Depatman Sante NYC konprann ak adrese bezwen sante ki genyen nan NYC.



Kiyès nan kay mwen ki ta dwe patisipe nan sondaj la?

Nou mande adilt la (ki gen 18 an oswa plis) nan kay ou ak pwochen anivèsè nesans ou pou fè sondaj la. Sa asire nou jwenn opinyon ki soti nan yon gwoup moun kap viv nan vil New York ki divèsifye. Fason sa a pou chwazi moun owaza a ede asire rezilta sondaj la reflekte tout moun kap viv nan vil New York yo.



Kijan ou te jwenn adrès mwen?

Yo te chwazi adrès ou owaza pami tout adrès rezidansyèl ki nan NYC yo.



Kijan map fè konnen sa a se yon sondaj ofisyèl Depatman Sante NYC?

Ou kapab ale sou www.nyc.gov/health/nycsurveys pou jwenn plis enfòmasyon sou sondaj la. Ou kapab kontakte founisè ki gen kontra avè nou an tou, Abt Associates nan **646-490-2091** oswa nycchs@abtassoc.com pou asire sondaj la ofisyèl. Si w gen nenpòt kesyon sou sondaj sa a oswa sou rezilta sondaj la, ou ka rele Jesyonè Pwojè Depatman Sante Vil Nouyòk la nan **347-396-2882**. Nou pap vann anyen ni nou pap mande lajan.



Èske enfòmasyon mwen yo konfidansyèl? Èske vi prive mwen ap pwoteje?

Y ap jere enfòmasyon w yo yon fason ki sekirize. Si w pa vle patisipe nan sondaj la, sa pap afekte benefis oumenm oswa fanmi w resevwa nan men nenpòt ajans gouvènmanal. Nou pa poze kesyon sou sitwayèn w ni sou estati legal ou.

Repons ou yo nan sondaj la konfidansyèl. Konsèy Revizyon Enstitisyonèl Depatman Sante NYC (NYC Health Department's Institutional Review Board), ki pwoteje dwa patisipan nan sondaj la, te revize e apwouve sondaj sa a tou. Pou kontakte Konsèy Revizyon Enstitisyonèl la, rele **347-396-6118**.



Konbyen tan sondaj la ap pran?

Sondaj la ap pran anviwon 25 minit pou konplete.



Kijan yap peye m pou patisipasyon mwen nan sondaj la?

Aprè w fin patisipe nan sondaj la, nap voye yon kat kado elektwonik Visa pou \$25 sou adrès imèl ou bannou a nan youn oswa de jou ouvrab. Si ou vle, ou ka bannou adrès postal ou epi Abt Associates ap voye yon kat kado Visa \$25 ba ou atravè lapòs nan de a kat semèn.

Poutèt ijans sante piblik COVID-19 la, nou konnen ke moman sa a difisil pou tout moun. Nou reyalize gen kèk nan kesyon ki nan sondaj la ki ka vin devlope plis sansasyon ensètitud oswa anksyete sou COVID-19. Si w santi twoub emosyonèl pandan wap konplete sondaj sa a, nap ankouraje w kontakte NYC Well nan 888-NYC-WELL (888-692-9355), voye tèks "WELL" bay 65173 oswa kominike atravè tchat nan nyc.gov/nycwell. Genyen konseye ki disponib pou yo koute w e pou yo ede w, 24 sou 24, sèt jou sou sèt. Lis asistans telefonik NYC Well la gratis e li konfidansyèl, epitou genyen sèvis entèprèt ki disponib nan plis pase 200 lang.

La encuesta CHS de NYC también está disponible en español. Visite el sitio web <http://chs.abtsites.com/sp.html> para obtener más información.

纽约市 CHS 调查还提供中文版本。请访问 <http://chs.abtsites.com/cs.html> 了解更多信息。

紐約市 CHS 調查也提供中文版本。請造訪 <http://chs.abtsites.com/ct.html> 以瞭解更多資訊。網路版和紙本調查也以簡體中文提供。如果您寧願透過電話進行調查，可以致電我們的免費電話 833-574-3096，與受過專門訓練的 Abt Associates 調查人員用廣東話或普通話一起進行調查。

Опрос о состоянии здоровья населения города Нью-Йорка также доступен на русском языке. Для получения дополнительной информации посетите веб-сайт <http://chs.abtsites.com/ru.html>.

NYC CHS সমীক্ষাটি বাংলা ভাষাতেও উপলব্ধ আছে। আরও তথ্যের জন্য অনুগ্রহ করে <http://chs.abtsites.com/bg.html> এ দেখুন।